

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Pamarekan, Méhode, Téhnik Panalungtikan jeung Désain Panalungtikan

3.1.1 Pamarekan Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan anu ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Panalungtikan kualitatif boga maksud pikeun maham fénomena (kajadian) nu kaalaman ku subjek panalungtikan misalna sipat, sikep, ajén-inajén, jsb. Dina hal ieu, panalungtikan kualitatif leuwih mentingkeun prosésna batan hasilna. Sabab dina prak-prakanna, panalungtik kualitatif kudu nilik hiji permasalahan kalawan gemet sangkan hasil dina éta panalungtikan bisa leuwih maseuk kana tujuan jeung watesan panalungtikan.

Jack R. Fraenkel jeung Norman E. Wallen (2007: 422) nétélakeun:

“Research studies that investigate the quality of relationships, activities, situations, or materials are frequently referred to as qualitative research. This type of research differs from the methodologies discussed in earlier chapters in that there is a greater emphasis on holistic description—that is, on describing in detail all of what goes on in a particular activity or situation rather than on comparing the effects of a particular treatment (as in experimental research), say, or on describing the attitudes or behaviors of people (as in survey research).”

Salian ti Jack R. Fraenkel jeung Norman E. Wallen, Sugiyono (2009:9), nyebutkeun yén métode kualitatif teh nya éta métode panalungtikan nu dumasar kana filsafat postpositivisme, dipaké pikeun nalungtik kondisi objék nu alamiah. Panalungtik mangrupa instruménna. Téhnik ngumpulkeun datana sacara

triangulasi, analisisna boga sipat induktif jeung métode kualitatif dipaké pikeun meunangkeun data anu miboga makna jero.

Dumasar kana pamarekan di luhur, sarta pikeun meunangkeun karakteristik kapamingpinan Sunda, puseur ieu panalungtikan nekenkeun kana perkara struktur carita, makna, sarta idéntifikasi karakteristik pamingpin dina carita pantun.

3.1.2 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Sukmadinata (2009:72), métode déskriptif mangrupa métode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun rupa-rupa fénoména, boh anu sifatna alamiah boh jijiunan atawa rékayasa, kalawan museurkeun ulikanana kana wangun, kagiatan, karakteristik, parobahan, patalina, sasaran, sarta bédana jeung fénoména lianna. Tangtu waé carita pantun bakal leuwih kaguar ajén-inajénna ku ngagunakeun métode ieu sabab carita pantun miboga wangun naratif nu bisa dibaladah tur dipaparkeun sacara déskriptif.


3.1.3 Téhnik Panalungtikan

Sedengkeun téhnik panalungtikan anu digunakeun ngawengku talaah pustaka, jeung analisis wacana. Téhnik talaah pustaka jeung analisis wacana digunakeun pikeun maluruh bahan pustaka jeung data anu aya patalina jeung pasualan nu ditalungtik. Ku ngagunakeun téhnis analisis wacana, bahan anu geus dikumpulkeun téh tuluy dianalisis sarta diteuleuman eusina nepi kapanggih hubungan jeung jejer pasualan anu ditalungtik. Karakteristik kapamingpinan Sunda dina carita pantun téh dianalisis dumasar pamarekan Struktural jeung

semiotik. Tuluy dilenyepan, ditafsirkeun, sarta ahirna dima'naan kalawan dipatalikeun jeung aspek motif sarta aspek sosial budaya.

3.1.4 Désain Panalungtikan

Karakteristik kapamingpinan Sunda museurkeun panalungtikan kana carita pantun kalawan wéngkuan saperti di handap.



Gb. 2 Bagan Raraga panalungtikan

Tina gambar 1 di luhur, katitén yén dina ieu panalungtikan téh, budaya nu jadi dasar pamianganana. Hasil kabudayaan téh nya éta carita pantun. Dina jero carita pantun aya palaku tur kajadian/fénoména. Palaku dianalisis ngagunakeun pamarekan struktural naratif Vladimir Propp jeung aktansial Greimas sedengkeun fénoména-fénoména dianalisis ngagunakeun pamarekan semiotik Pierce nepi ka kaungkab karakteristik kapamingpinan nu kagambar dina carita pantun.

3.2 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih maham sarta nyindekel kana tujuan panalungtikan, perlu ayana wangenan operasional anu patalina jeung judul panalungtikan saperti dihandap.

1. Karakteristik Kapamingpinan Sunda

Karakteristik asal kecapna tina karakter atawa dina basa Inggris *character* nu hartina watek, peran, huruf (Echols dan Shadily, 1982:107). Karakteristik sacara husus mangrupa gambaran tina watek hiji hal.

Kapamingpinan éta jalma anu bisa mawa pangaruh sarta boga kakuatan pikeun ngatur, ngararancang, jeung nunjukeun jalan pikeun ngahontal udagan dina hiji kelompok.

Sunda, nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda*, Lembaga Basa jeung sastra Sunda (LBSS) nya éta,

- a) Ngaran salah sahiji daerah di basisir Malabar (India);
- b) Ngaran salah sahiji sélér bangsa Indonesia nu nyicingan daérah Jawa Barat.

Jadi panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun medar watek pamingpin nu aya di tatar Sunda. Sok sanajan teu témbong sacara gembleng, tapi bisa diidéntifikasikeun ngaliwatan paripolah manusa nu digambarkeun dina sastra.

2. Carita Pantun

Carita pantun nya éta carita nu biasa dilalakonkeun ku juru pantun dina pagelaran ritual nu disebut mantun. Nurutkeun kabiasaan mah pagelaran mantun téh lumangsungna méh sapeuting jeput, ti mimiti ba'da Isya nepi ka subuh.

Nurutkeun Sumardjo, pantun teu bisa dicaritakeun sagawayahna. Pantun dicaritakeun dina hiji situasi ritual, tempat ritual, waktu ritual, jeung tema ritual. Tema ritual nu biasa dicaritakeun nya éta para pahlawan Sunda di jaman baheula (2009:50). Paripolah jeung kahirupanana mangrupa conto pikeun kahirupan masarakat Sunda kiwari.

Dina jero pantun kagambar harepan-harepan urang Sunda pikeun kahirupannana. Tokoh-tokoh pantun mangrupa gambaran idéal pikeun masarakat. Ku kituna pantun bisa dijadikeun tatapakan pikeun mikawanoh harepan jeung pamikiran idéal di mangsa harita.

3. Struktural

Struktural asal kecapna tina struktur. Struktur nya eta susunan unsur-unsur inti tina hiji barang. Struktur tina carita hartina susunan unsur anu ngawangun hiji carita. Nurutkeun strukturalis, sastra téh nya éta téks nu diwangun ku bagian-bagian intrinsik nu boga gantar kakaitan.

Struktural dipaké pikeun ngajujut unsur nu ngawengku dina carita pantun, sangkan katémbong bagian-bagian nu ngawangun carita pantun.

4. Semiotik

Semiotik nya éta studi ngeunaan tanda, jeung sagala rupa nu aya patalina jeung hal tadi: cara fungsina, hubunganna jeung tanda-tanda lian, pangirimna, jeung nu narimana.

Nurutkeun Peirce, makna tanda nu sabenerna nya éta ngungkabkeun hiji hal (*representmen*). Naon anu diungkabkeun ku tanda, naon anu diacuna, nu ditunjukeunana, disebut objék (1996: 7).

Dina prinsipna, aya tilu hubungan antara tanda jeung acuan. (1) Hubungan tanda jeung acuan bisa mangrupa kamiripan; tanda nu siga kitu disebutna *ikon*. (2) Hubungan nu timbul sabab ayana éksisténsi tur disebut *indéks*. (3) Hubungan anu geus konvensional anu disebut *simbol*.

Téori sémiotika digunakeun pikeun ngagambarkeun karakter tina tokoh-tokoh nu aya dina carita pantun kalawan écés.

3.3 Prosedur Ngumpulkeun Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta carita pantun anu geus ditranskripsi ku Ajip Rosidi ti sababaraha wewengkon (Proyékt Penelitian Pantun & Foklore Sunda) anu medal dina taun 1973.

Hasil transkripsi ieu sakabéhna aya 16 judul. Sedengkeun jumlah carita pantun hasil transkripsi nu kapanggih lobana aya 10 judul, nya éta 1) *Badak Pamalang* (Cisolok, Sukabumi), 2) *Budak Mandjor* (Situraja, Sumedang), 3) *Bujang Pangalasan* (Tegal datar Pabuaran Sukabumi), 4) *Buyut Orenyéng* (Baduy, Lebak), 5) *Gantangan Wangi* (Pringkasep, Subang), 6) *Kembang*

Panyarikan (Lebakwangi, Kuningan), 7) *Lutung Leutik* (Lebakwangi, Kuningan), 8) *Munding Kawati* (Banggala, Subang), 9) *Radén Tandjung* (Cisolok, Sukabumi), 10) *Sri Sadana atawa Sulandjana* (Situraja, Sumedang).

Tina 10 judul carita pantun nu kapanggih, dipilih hiji sampel anu luyu jeung kriteria panalungtikan sarta bisa diinterpretasikeun kana carita lianna. Sumardjo (2009: 60), nétélakeun yén pantun-pantun Cisolok jeung Priangan mangrupa pantun nu paling éndah jeung hadé dina cara nangtukeun strukturna.

Sabada maca sababaraha judul carita pantun, kagambar motif-motif palaku utama nalika rék ngumbara. Aya motif anu lalobana dipaké dina carita pantun nya éta miangna palaku pikeun néangan pipamajikaneun nu ahirna palaku utama tetep-tumetep di karajaan istrina. Tapi aya hal nu béda dina carita pantun *Badak Pamalang*. Motif keberangkatan palaku utama ti Pajajaran disebutkeun hayang tulus jadi ratu hayang waluya jadi ménak. Sok sanajan dina enas-enasna mah Munding Sanggawati (palaku utama dina carita pantun *Badak Pamalang*) bakal manggihan jodo tur jadi raja di Nusa Bali, tapi teu kungsi disebutkeun sakali ogé yén Munding Sanggawati miang alatan rék néang jodo. Jadi unsur pinanggih jeung pijodoeunna téh mangrupa unsur tambahan tina tujuan palaku anu hayang jadi pamingpin.

Salian ti éta aya sababaraha hal ogé anu ngajadikeun carita pantun ieu ngirut pikeun ditalungtik nya éta:

- 1) latar tempat dina carita pantun ieu téh béda jeung carita pantun lianna nya éta nyaritakeun lalampahan tokoh utama di laut;


- 2) Badak Pamalang mangrupa carita pantun nu pangpanjangna nepi ka teu tamat sapeuting dicaritakeunana. Dina normalna mah ieu carita téh bisa tamat tilu peuting tapi kusabab pikeun panalungtikan diringkes jadi dua peuting;
- 3) kusabab panjang, aya bagian-bagian anu teu dicaritakeun. Tapi nurutkeun juru pantunna, bagian ieu téh teu penting;
- 4) motif ngumbara palaku utama téh disebutkeun hayang jadi raja (pamingpin).

Dumasar kana hal nu geus dijéntrékeun di luhur, carita pantun anu baris ditalungtik téh nya éta carita pantun *Badak Pamalang* seri ka-9 ti Cisolok Sukabumi.

3.4 Prosédur Analisis Data

Nurutkeun Miles jeung Huberman dina Sugiyono (2009:337), nyebutkeun yén aktipitas dina analisis data kualitatif dipilampah sacara interaktif sarta lumangsung tuluy-tumuluy nepi ka tuntas.

Carita pantun kaasup kana carita buhun anu sipatna naratif. Ku kituna, pikeun maluruh karakterisasi kapamingpinan dina carita pantun dipuseurkeun kana panalungtikan struktural jeung semiotik. Pikeun ngalarapkeunana eta tiori, data anu geus dikumpulkeun jeung diréduksi téh tuluy dianalisis dumasar léngkah-léngkah ieu di handap.



Bagan 3 Léngkah panalungtikan

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan téh nya éta ngumpulkeun jeung maca carita pantun, terus nangtukeun carita pantun nu rék dianalisis, satuluyna nganalisis ngagunakeun pamarekan struktural jeung semiotik. Sabada kapanggih karakter kapamingpinana, tuluy dicindekkeun.